

VAKSINEN JODI A



County
Health Officials
of New York



Vaksinen JODI A

Selon rekòmandasyon pwofesyonèl medikal

- ak sante piblik yo, ki enkli Asosyasyon Medikal Ameriken (American Medical Association),
- Akademi Pedyatri Ameriken (American Academy of Pediatrics), ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), timoun ki gen 6 mwa ak timoun ki pi gran ta dwe resevwa vaksen COVID-19 la. Desizyon pou pwoteje ptit ou (yo) enpòtan, men nou konprann ou ka gen kesyon.

Lè ou vaksinen ptit ou (yo), ou p ap sèlman pwoteje pwòp ptit ou, men zanmi yo, kamarad klas yo, pwofesè, anplwaye lekòl la, ak kominate ki pi laj la tou.

Ou gen kesyon oswa enkyetid?

- Rele founisè swen sante w la oswa vizite yon famasi pou aprann plis. Oswa ale sou **vaccines.gov** pou jwenn vaksen COVID-19 ki toupre lakay ou.

Vaksen COVID-19 la:



SAN DANJE

Vaksen COVID-19 yo te resevwa kontwòl sekirite ki pi entans nan listwa Etazini, ki te pèmèt ofisyèl sante piblik yo fè rekòmandasyon ki baze sou lasyans ki kenbe moun an sekirite. An reyalite, plizyè dizèn milyon timoun ak adolesan te deja resevwa vaksen COVID-19 yo nan tout sekirite.



EFIKAS

Vaksen yo te devlope rapidman, pwosesis la te genyen ladan I menm verifikasyon estrik ki nesesè pou tout novo vaksen. Anvan yo te otorize yo pou timoun, vaksen COVID-19 yo te evalye nan plizyè milye esè klinik timoun. Vaksen yo te reponn ak règ syantifik ki estrik Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) nan zafè sekirite ak efikasite.



GRATIS

Vaksen COVID-19 yo gratis epi yo disponib tout kote pou pifò moun k ap viv Etazini nan tout Eta New York, kèlkeswa estati imigrasyon oswa asirans sante yo.

VAKSEN SOVE LAVI

VAKSINEN JODIA



Eta New York
Asosyasyon
Ofisyèl Sante Konte
NYSACHO.org

KONTAKTE
NOU

